


## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 6), “*penelitian kualitatif (Qualitative Research) adalah suatu penelitian yang ditujukan untuk mendeskripsikan dan menganalisis fenomena, peristiwa, aktivitas sosial, sikap, kepercayaan, persepsi, pemikiran orang secara individual, maupun kelompok.*”

Saluyu jeung pamadegan di luhur, Sugiyono (2012, kc. 207) nétélakeun, salah sahiji asumsi ngeunaan gejala dina panalungtikan kualitatif nyaéta yén gejala tina hiji obyék sipatna tunggal jeung parsial. Ku kituna, dumasar kana ayana gejala saperti kitu, panalungtik kualitatif bisa nangtukeun variabel-variabel anu bakal ditalungtikna. Dumasar sawangan panalungtikan kualitatif, gejala dina panalungtikan sipatna holistik (gembleng, teu bisa dipisah-pisahkeun) nu ahirna panalungtik kualitatif moal bisa netepkeun panalungtikanana ukur ngandelkeun kana ayana variabel panalungtikan, tapi sakabéh situasi anu ditalungtikna sacara sinergis.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode **déskriptif**. Numutkeun Sugiyono (2005, kc. 21) métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngagambarkeun atawa nganalisis hiji hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan hal anu bakal didéskripsikeun nya éta ngeunaan wangun kalimah, struktur kalimah, jeung unsur stilistik anu nyampak dina carita pantun *Gantangan Wangi*. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikan digambarkeun saperti ieu bagan di handap:



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kalimah nu ngandung gaya basa dina carita pantun *Gantangan Wangi*. Ngeunaan data anu dianalisis tina sumber data nya éta 15 kaca nu ngawengku 80 pada (sa-épisode carita).

Sumber data nyaéta sajumlahing informasi atawa data-data anu sakirana bisa dipaké ku panalungtik pikeun dijadikeun sumber primer atawa sekunder (Mukhtar, 2013, kc. 107). Sumber data nu dijadikeun objék panalungtikan mangrupa dokumen tinulis ti hiji lembaga, nya éta:

Judul carita pantun	: <i>Gantangan Wangi</i>
Juru Pantun	: Ki Ashom (Pringkasap, Subang)
Hasil transkrip	: Sayudi
Juru ketik	: Alam Purnama jeung Aga Prayoga
Disténsil ku	: Undang Bakri
Nu ngadokumentasikeun	: Ajip Rosidi.
Pulas cover (jilid)	: héjo
Kandel buku	: 109 kaca
Publikasi	: Proyek Penelitian Pantun dan Folklor Sunda Bandung
Taun medal	: (1973).

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta **téhnik dokumentasi**. Nurutkeun Sumarsono (2004, kc. 73), ieu téhnik mibanda kapunjulan utamana dina hal waragad jeung waktu. Ngaliwatan Téhnik studi dokuméntasi, data anu disayagikeun téh kaitung loba dina rupa-rupa aspék. Sajumlahing data kasebut bisa dikumpulkeun deui pikeun rarancang panalungtikan dina kajian anu béda-béda.

Dumasar téhnik di luhur, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- nyieun rarancang prosédur panalungtikan;
- néangan carita pantun ngaliwatan studi pustaka;
- maca téks carita pantun *Gantangan Wangi*;

- d. nyirian kalimah jeung gaya basa nu aya dina carita pantun *Gantangan Wangi*; sarta
- e. nyalin kalimah jeung gaya basa nu aya dina carita pantun *Gantangan Wangi*.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat nu dipaké pikeun ngumpulkeun sajumlahing informasi anu katarima minangka data panalungtikan. (Mukhtar, 2013, kc. 109). Dina unggal panalungtikan tangtu diperlukeun instrumén pikeun meunangkeun data. Instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta kartu data (korpus).

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data kalimah jeung gaya basa nu aya dina carita pantun *Gantangan Wangi*. Ari eusi kartu data ngawengku: (1) data kalimah, (2) kode sumber data, (3) wangun kalimah, (4) Adegan (pola), jeung (5) data gaya basa.

Gb.3.1. Kartu Data

**KARTU DATA**

1. Kalimah : //pun sapun  
*sang kuyupu putih ngaraning parukuyan  
sang ruhay putih ngaraning sönö  
sang linggir putih ngaraning mênyan//1)*
2. Kode Data : CPGW/1/1/1
3. Wangun : Kalimah Salancar Jembar
4. Adegan : B1: KSJ → J + C + K + In Fi
5. Gaya Basa : Mindoan (*Repetisi*)

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina nganalisis data digunakeun metode distribusional kalayan téknik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*). Unsur-unsur anu dianalisis nya éta kalimah dina carita pantun *Gantangan Wangi* ditilik tina wangun, adegan (pola), jeung gaya basana. Ari ngolah datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- a. niténan deui kalimah dina carita pantun *Gantangan Wangi* (CPGW);
- b. ngaruntuykeun data kalimah kana kartu data;
- c. milih jeung masing-masingkeun data kalimah dumasar kana wangun, adegan, (pola), jeung gaya basa;
- d. nganalisis data kalimah dina carita pantun *Gantangan Wangi*;
- e. ngadéskripsikeun hasil analisis data; jeung
- f. nyieun kacindekan.